



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENVESTISMAN 24 MILYON DOLA POU SIPÒTE TWA PWOJÈ NAN KAD TRANSFÒMASYON BÒ RIVAJ DLO BUFFALO A

Li gen Ladan 10 Milyon Dola pou Planifikasyon Konsepsyon ak Konstriksyon Enfrastrikti North Aud Block la

Pwojè yo ap Rantabilize Pwen Fò Rejyonal yo epi Ofri Aksè Enkliziv a Bò Rivaj Dlo a

L ap Sipòte Kwasans k ap Kontinye fèt nan Endistri Touristik Rejyon Lwès New York la - ki te Resevwa Plis Pase 18.5 Milyon vizitè an 2017

Gade Videyo sou Redemaraj Bò Rivaj Dlo Buffalo a [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse twa nouvo pwojè pou agrandi bò rivaj dlo Buffalo a epi ajoute sou kwasans ekonomik ak kominotè rejyon an deja genyen an pou atire plis vizitè epi ofri nouvo opòtinite rekreyasyonèl ak kiltirèl pou rezidan yo. Yo pral itilize apeprè 24 milyon dola pou amelyore aksè a bò rivaj dlo a, mete aksan sou istwa rich Rejyon Lwès New York la, epi sipòte kwasans k ap kontinye fèt nan sektè touris nan zòn lan, ki te jenere plis pase 3 milya dola nan depans dirèk vizitè yo te fè an 2017.

Pwojè ak investisman yo gen ladan yo:

- North Aud Block: yon investisman 10 milyon dola pou fin konplete kadriyaj ri a epi prepare sit la pou pwochen devlopman North Aud Block la;
- Pakètbò 1825 lan (1825 Packet Boat): yon angajman 4 milyon dola yo pran pou bati yon nouvo enstalasyon pou konstwi repwodwizyon pakètbò 1825 lan nan Canalside; epi
- Buffalo Blueway: yon investisman 10 milyon dola y ap fè pou kreye yon rezo aksè piblik sou tout longè vwa navigab Buffalo a yo.

“Siksè bò rivaj dlo Buffalo a evidan pandan tout ane a, kote anpil santèn milye vizitè vin viv eksperyans Canalside la epi jwi restoran ak biznis lokal ki gen nan zòn ozanlantou li yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo pwojè sa yo pral rantabilize bote natirèl Buffalo a, y ap pwize nan kilti ak istwa rich rejyon an gen pou l ofri yo, epi agrandi

opòtinite pou rezidan ak vizitè yo ka gen aksè a Kanal Istorik Erie a pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

“Istwa a kontinye anime nan Canalside avèk investisman ak nouvo atraksyon pwometè y ap ajoute pou vizitè yo vin jwi yo”, **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè yo te anonse jodi a yo pral amelyore efò nou ap fè pou nou transfòme bò rivaj dlo Buffalo a pou l vin tounen yon destinasyon rejonan inik. Lè m t ap grandi nan Rejyon Lwès New York la mwen pa te janm imajine bò rivaj dlo nou an te ka jenere jan de antouzyas sa epi atire atansyon onivo mondyal konsa, epi nou fenk ap kòmanse.”

10 Milyon Dola pou North Aud Block la

Gouvènè a te anonse yo te pran angajman pou yon minimòm 10 milyon dola pou sipòte transfòmasyon North Aud Block la - ki se yon pasèl tè ki mezire yon ekta kote Oditoryòm Memoryal la (Memorial Auditorium) te ye a. Yo pral sipòte planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon enfrastruktir North Aud Block la nan kad Plan Pwojè Jeneral Canalside la (Canalside General Project Plan). Transfòmasyon North Aud Block la ap sipòte efò ki kontinye fèt pou evoke istwa sit Kanal Erie a epi retabli zòn lan kòm yon katye ki nan yon sant vil.

Plan pwojè a gen objektif pou reyentwodwi eleman trase ri istorik ki yon fwa te travèse blòk la ak Kanal Erie a. Faz planifikasyon ak enjeniri a pral gen ladan lari kote moun ka mache a pye ak enfrastruktir ak sèvis soutèren, tankou espas pakin, ki pral ede fasilite yon seri devlopman alavni epi ofri sèvis pou yon bann seri pasèl tè ke yo ap dedye a devlopman ke yo pral solisite nan yon fason konpetitif yo pou devlopman. Pwojè a pral reyalize devlopman entèkalè nan yon fason pwogresif sou blòk la ke yo ap enspire apati de istwa epi ki favorab a pyeton. Yo pral pibliye yon Apèl Of (Request for Proposals) konpetitif, ouvèt pou kontra konsepsyon an Otòn 2018 la. Pral gen yon peryòd planifikasyon, revizyon piblik, ak yon peryòd enjeniri final, epi apre sa ap gen peryòd konstriksyon an. Kat jwografik zòn lan disponib [isit la](#).

Repwodiksyon Pakètbòt yo te Konstwi nan Canalside la an 1825 lan

Gouvènè a te anonse yon investisman 4 milyon dola ki pral pèmèt yo konstwi “Longshed” la, ki se yon enstalasyon ki mezire 4,000 pye kare k ap fonksyone pandan tout ane a kote yo pral konstwi yon repwodiksyon bato a anndan l. Erie Canal Harbor Development Corporation, ki se yon filyal Empire State Development (ESD), ak Sant Maritim Buffalo a (Buffalo Maritime Center, BMC) pral kolabore pou yo kreye repwodiksyon pakètbòt Kanal Erie 1825 Gouvènè DeWitt Clinton lan, epi konstwi bato a nan Canalside la. Yon fwa yo fini l, pakètbòt la pral kochte nan Commercial Slip, epi Sant Maritim Buffalo a pral devlope yon bann seri opòtinite ak pwogramasyon touristik konplè ki gen ladan pak atraksyon, vizit toune, dine ak konferans. Yo prevwa fè seksyon vizit toune nan sistèm Kanal la yon fwa pa ane.

Longshed la pral parèt kòm yon estrikti fèmme ki fèt an bwa, k ap imite sa ki te la lè yo te konstwi Kanal Erie a (ki vle di li evoke ansyen magazen Newman & Scovill Groceries and Ship Chandlers ki te la avan an). Li pral sitiye nan kwen waf la kote Prime kontre ak Lloyd la (an fas Commercial Slip lè w ap soti nan bilding Pak Naval la). Lè bilding lan fini, pral gen espas fleksib pou sipòte peryòd lokasyon epi k ap pèmèt opòtinite vizit

maksimòm ak pwogramasyon edikasyonèl pandan tout ane a, ki gen ladan opòtinite ki gen rapò ak istwa sit la. Foto pakètbot la yo disponib [isit la](#).

Buffalo Blueway

Gouvènè a te anonse 10 milyon dola nan fon Buffalo Billion 2 a yo pou tabli yon rezo pwen daksè piblik sou tout longè vwa navigab rejyon an yo, ki se yon pwojè k ap fèt sou direksyon Buffalo Niagara Waterkeeper. Pwojè konplè sa yo bay ti sounon “Buffalo Blueway”, pral amelyore aksè a dlo a epi konekte rezidan ak vizitè yo nan fason estratejik pou yo vini nan enstitisyon kiltirèl, atraksyon touristik, koridò vwa vèt ak bisiklèt yo, ak lòt biznis ak lokalite inik ki nan zòn Buffalo a yo. Blueway pral sèvi bezwen pagayè, motomarin rekreyasyonèl, pechè pwason ak liy lokal yo, touris, ak lòt aktivite bò rivaj la yo.

Ansanm ak nouvo pwen daksè yo ak amelyorasyon k ap fèt nan sit ki la deja yo, pwojè a pral ajoute pano direksyon ak enstalasyon atizay piblik pou gide ak atire vizitè yo. Yo pral pwomouvwa Blueway atravè yon pwogram piblisite byen òganize, yon gid Santye Blueway a, kat jewografik entèaktif, ak lòt aplikasyon dijital ankò. Konsilte kat jewografik sit Buffalo Blueway yo pwopoze yo [isit la](#).

Yo te pwopoze pwojè sa yo nan kad inisyativ Buffalo Blueway a:

- **RiverWorks** - Yon sit ki la deja kote gen amenajman ki pasyèlman konplete. Yo te enstale yon waf flotan ki gen aksesibilite inivèsèl. Plis amenajman yo planifye yo gen ladan yon makè Blueway, siyalizasyon enfòmasyonèl, estokaj posib pou bato a pagay yo, oswa lòt enstalasyon yo pral enstale pandan Otòn 2018 oswa Prentan 2019 la.
- **Anbakasyon Bato NYSDEC nan Ohio Street la (NYSDEC Ohio Street Boat Launch) ak Asosiyasyon Aviwon Eskolè Buffalo a (Buffalo Scholastic Rowing Association)** - Yo pral rekonsevwa de sit adjasan sa yo pou kreye yon nouvo pwen daksè amenaje ak amelyore pou ale anvè dlo a. Yo pral detèmine anplè ak pòte pwojè a an 2019 avèk konsiderasyon opinyon pwopriyetè ak kominote a. Yo prevwa kòmanse konsepsyon an 2018 epi yo sible konstriksyon an pou 2019.
- **Kanal Union Ship la**- Yon sit ki la deja yo pwopoze ki pral benefisye de amelyorasyon k ap fèt nan sit la yo ki gen ladan, men pa sèlman, yon makè Blueway, siyalizasyon enfòmasyonèl, estokaj posib pou bato a pagay yo, oswa lòt enstalasyon yo pral enstale an Otòn 2018 oswa Prentan 2019 la. Sit sa a gendwa gen ladan tou espas pakin ak amenajman nan enfrastrikti transpò y ap fè pandan sezon konstriksyon ane 2019 la.
- **Pak Red Jacket** - Nouvo sit potansyèl pou moun ka gen aksè a dlo a, Konte Erie pral detèmine anplè ak pòte l an 2019 avèk konsiderasyon opinyon kominote a. Efò yo ap fèt an kowòdinasyon ak Konte Erie a nan kad amenajman global k ap fèt nan pak la yo. Yo sible pou fè konsepsyon nan mitan ane 2019 la, epi yo sible kòmanse konstriksyon an 2020.
- **Buffalo Color** - Nouvo sit potansyèl pou moun ka gen aksè a dlo a. Pwojè agrand echèl la pral kòmanse konsepsyon an 2018 epi yo sible kòmanse konstriksyon an 2019.

- **Pak Mungovan** - Nouvo sit potansyèl pou moun ka gen aksè a dlo a, Vil Buffalo ak kominote ozalantou a pral detèmine anplè ak pòte I. Yo sible kòmanse konsepsyon an 2019 la, epi yo sible kòmanse konstriksyon an 2020.
- **Seneca Bluffs** - Nouvo sit potansyèl pou moun ka gen aksè a dlo a, Konte Erie pral detèmine anplè ak pòte I an 2019 avèk konsiderasyon opinyon kominote a. Efò yo ap fèt an kowòdinasyon ak Konte Erie a nan kad amenajman global k ap fèt nan pak la yo. Yo sible kòmanse konsepsyon an 2019 la, epi yo sible kòmanse konstriksyon an 2020.
- **Pak LaSalle** - Nouvo sit potansyèl pou moun ka gen aksè a dlo a, yo pral detèmine anplè ak pòte I an 2019 avèk konsiderasyon opinyon kominote a. Efò yo ap fèt an kowòdinasyon ak Vil Buffalo epi sa ap depann de reyabilitasyon global pak la. Planifikasyon ap kòmanse an Otòn 2018, yo sible kòmanse konsepsyon an 2019, epi aktyèlman la, yo sible kòmanse konstriksyon an 2020-2021.
- **Erie Basin Marina, Canalside, Wilkenson Point, Pak Mutual Riverfront ak Anbakasyon Bato Harlem Road Boat Launch lan** - Yon sit ki la deja yo pwopoze ki pral benefisye de amelyorasyon y ap fè yo ki gen ladan, men pa sèlman, yon makè Blueway, siyalizasyon enfòmasyonèl, estokaj posib pou bato a pagay yo, oswa lòt enstalasyon yo pral enstale an Otòn 2018 oswa Prentan 2019 la.

Anplis de travay k ap fèt nan sit Blueway a, materyèl piblisite sa yo aktyèlman an konsepsyon la epi edisyon sezon 2018 la pral konplete pwochènman:

- Kat jewografik enpèmeyab ki ka pliye pou sit ki la deja yo.
- Yon koleksyon kat jewografik an kawo enpèmeyab pou sit ki la deja yo.
- Sitwèb ki gen kat jewografik sit ki la deja yo ak makè Blueway pou sit ki la deja yo
- Siyalizasyon enfòmasyonèl sit Blueway pou sit ki la deja yo.

Yo prale mete materyèl ak enfòmasyon yo ajou pou sezon 2019 ak sezon 2020 an yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di, “Nouvo pwojè sa yo ap kontinye investisman estratejik ki te sipòte revitalizasyon reyisi bò rivaj dlo Buffalo a, sa k ap alafwa prezève istwa remakab li a pandan y ap kreye plis aksè, aktivite ak jwisans pou rezidan ak vizite yo”.

Direktris Egzekitif Buffalo Niagara Waterkeeper a, Jill Jedlicka te deklare, “Dlo a te defini istwa nou epi li pral defini avni nou, epi investisman k ap fèt nan aksè inivèsèl ak restorasyon vwa navigab nou yo se yon investisman nan ekonomi lokal la. Rejyon Lwès New York la pap aksepte vwa navigab polye oswa inaksesib ankò, epi kominote nou an ap travay ansanm pou rebran kontwòl bò rivaj dlo nou an. Avèk angajman konsiderab Gouvènè Cuomo pran anvè pwoteksyon ak restorasyon dlo New York la yo, epi kounye a investisman 10 milyon dola empire State Development ap fè nan sistèm Buffalo Blueway a, pral vin yon katalizè ak yon gran chanjman nou bezwen nan règ jwèt la pou nou ka gen aksè a dlo nou yo. Nou konnen lè vwa navigab yo ak rivaj la rebran vi, kominote ozalantou yo pral rebran vi tou”.

Fondatè Sant Maritim Buffalo a, John Montague te deklare, “Pwojè BMC a yo pral konstwi yon repwodiksyon pakètbòt Ane 73 DeWitt Clinton lan nan Canalside la ap ofri Buffalo, ak tout Eta New York la nèt, yon opòtinite pou yo selebre Bisantnè Kanal Erie a, ki se youn nan pi gran akonplisman ki pi transfòmateur Etazini te ka atenn. Nou rekonesan paske nou ka jwi sipò jenere, ak patenarya Gouvènè Cuomo ak ESD, Manm Asanble Sean Ryan, ak David ak Joan Rogers ki te lanse ide istorik sa vè lavan pou l vin yon vrè bato. Nou paka tann pou nou kontinye patenarya sa a epi agrandi l pou l enkli popilasyon jeneral la”.

Prezidan Erie Canal Harbor Development Corporation, Robert Gioia, te deklare, “Gouvènè Cuomo te reban nou bò rivaj dlo nou an ankò. Tout moun Rejyon Lwès New York la yo gen yon rezon pou yo fyè pandan y ap apresye moman yo pase nan Canalside ak nan Outer Harbor la. Elan an te ekstraòdinè epi kounye a nouvo pwojè pwometè sa yo pral atire menm plis moun ankò pou vini nan bò dlo a”.

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, “Nan travay ak Gouvènè Cuomo, an 2013 nou te reyisi kreye Pak Eta Buffalo Harbor la, sa k ap transfòme pwopriyete bò rivaj dlo ki sou kontwòl otorite ke yo te neglije pandan lontan sou Outer Harbor la, pou l vin fè pati premye Pak Eta New York nan Vil Buffalo gras a yon angajman 15 milyon dola Eta te pran. Nouvo envestisman 24 milyon dola sa a Eta ap fè a se yon etap ki vrèman enkwayab nan kad efò k ap fèt pou konstwi pwogrè tanjib nan pwen ki relye antre yo sou tout longè bò rivaj dlo a epi mentni elan k ap enspire nouvel vi nan Vil nou an”.

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Efò a plizyè volè sa a k ap fèt pou kontinye agrandi bò rivaj dlo rejyon an se egzaktman sa li bezwen pou atire plis vizitè pou vin nan Rejyon Lwès New York la. Lè nou kapitalize sou resous ki deja disponib yo, sa k ap poze fondasyon pou devlopman ki gen pou fèt alavni nan North Aud Block la epi amelyore Canalside la, vizyon Gouvènè a genyen pou yon kominote Buffalo ki pi bon, pi divès la ap vin yon reyalite. Mwen aplodi plan global sa a epi mwen paka tann pou lansman pwojè yo nan mwa k ap vini yo”.

Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare, “Envestisman k ap fèt nan Rejyon Lwès New York la yo te deja ede transfòme bò rivaj dlo ak sant vil Queen City a pou le mye. Repwodiksyon bato a - yo prevwa konstwi yon apèsi sou istwa Buffalo nan Canalside la, pral sètènman atire plis vizitè ak moun ki renmen bato yo vin nan zòn lan, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap envesti nan atraksyon touristik sa yo, ansanm ak opòtinite devlopman tankou North Aud Block la. Sa yo se pwojè ki pral kontinye redemaraj Rejyon Lwès New York la pandan anpil ane k ap vini ankò”.

Manm Asanble Sean Ryan te deklare, “Transfòmasyon Buffalo a enkontestab, epi lè li tande sa kominote a gen pou l di epi li travay ak lidè lokal yo pou l planifye pou kwasans kontinye, Gouvènè Cuomo te prepare tèren an pou yon meyè avni pou rejyon nou an. Mwen paka tann pou nou pote plis opòtinite pou rezidan yo ka atenn bò rivaj dlo a, nouvo espas lwazi nan Canalside, ak yon kominote ki pi favorab a bekàn ak pyeton kòm konsekans”.

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, “Kanal Erie a se youn nan pi gran trezò istorik New York genyen, epi lè nou konstwi espas lwazi ak biznis ozalantou atraksyon touristik sa a nan yon fason ki favorab a ekonomi an ak a anvivonman an,

nou pral amelyore kalite lavi pou rezidan nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l garanti finansman pou devlopman alavni sa yo epi paske l rekonèt opòtinite pou amelyore aksè a bò rivaj dlo a pou tout moun”.

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, “Efò ki gen patisipasyon global sa pou kontinye amelyore kominote rejyonal la pral rantabilize pi gran resous natirèl Buffalo genyen pou ogmante opòtinite lwazi ak opòtinite kiltirèl pou rezidan nou yo. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, bò rivaj dlo Buffalo a ak Canalside te vin tounen destinasyon premye plan pou moun vin viv, travay ak pran plezi yo. Lè nou anonse nouvo pwojè sa yo, nou ap ajoute sou kwasans nou te wè deja nan tout rejyon an nèt nan ane ki fenk sot pase yo, epi ofri yon lòt rezon ankò pou vizitè yo vin viv eksperyans sa Queen City gen pou l ofri”.

Majistra Niagara Falls, Paul Dyster te di, “Li enperatif pou nou fè jenerasyon ki pi jèn nou an yo rete isit la epi konstwi yon kominote pou tout moun jwi. Gouvènè Cuomo te ede katye ak sant vil toupatou atravè Rejyon Lwès New York la yo devlope atravè sipò pou amelyorasyon aksè a bò rivaj dlo yo ki te estimile devlopman ekonomik non sèlman isit la nan Niagara Falls, men tou sou tout longè bò rivaj dlo yo soti Lak Erie rive Lak Ontario. Mwen aplodi dènye inisyativ sa a paske l gen objektif pou sipòte yon kominote ki pi byen konekte pandan l ap kreye plis pwen daksè a bò rivaj dlo a pou rezidan ak touris yo vin viv eksperyans pandan tout ane a”.

Sipèvizè Vil Grand Island Ian, Nathan McMurray te deklare, “Grand Island se yon ti vil inik mèveye ke mwen fyè pou m sèvi, li gen 43 kilomèt bèl rivaj dlo. Yon fwa yon fin konplete pwojè Santye a Plizyè Izaj West River Parkway a (West River Parkway Multi-Use Path), bò rivaj dlo a pral vin aksesib pou tout moun. Lè espas sa rete disponib pou sikilasyon pyeton ak bekàn, sa pral yon trè gran avantaj pou Grand Island ak pou tout moun nan Rejyon Lwès New York la. Nou kontan anpil paske nou kapab ofri jan de espas lwazi sa a pou rezidan ak vizitè nou yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)